



**Monroe County School District**  
**241 Trumbo Road – Key West, Florida 33040 – 305-293-1400**

**FÒM KONSANTMAN PARAN POU SÈVIS SANTE LEKÒL LA  
2025-2026**

Non Elèv la: \_\_\_\_\_ Lekòl: \_\_\_\_\_

Klas: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_

---

**Pati 1 – Sèvis Sante Nan Lekòl**

Pwogram Sèvis Sante Lekòl (School Health Services Program) sa a fèt pou evalye, pwoteje epi ankouraje sante elèv nou yo. Anplis, li bay sèvis sante preventif ak ijans ki fèt nan lekòl la, daprè Plan Sèvis Sante pou Konte Monroe.

**A. Sèvis Sante Lekòl Esansyèl (Klinik Lekòl – Enfimyè Lekòl / Teknisyen Sante)**

**Yo mande w ranpli chak ane yon nouvo Fòm Istwa Sante/Kontak Ijans.** Tanpri gade dokiman ki atache a. Sèvis sa yo gen ladan yo: premye swen pou blesi, aksidan oswa maladi ki pa grav; ede elèv yo pran medikaman doktè preskri (yo bezwen yon lòt fòm konsantman pou sa) ak/oswa fè pwosedi medikal; edikasyon sou sante ki kouvri kèk sijè espesifik ak metòd pou amelyore byennèt; revizyon vaksen ak egzamen medikal; epi tès depistaj sante esansyèl selon Lwa Eta Florid 381.0056.  
Tès depistaj sa yo gen ladan yo: vizyon (klas K, 1, 3, ak 6), tandé (klas K, 1, ak 6), wotè ak pwa pou kalkile endis mas kò (klas 1, 3, ak 6), epi eskolyoz (klas 6).

Wi, mwen dakò ak tout sèvis ak tès depistaj esansyèl yo.

Non, mwen refize tout sèvis esansyèl yo.

Non, mwen refize tout tès depistaj esansyèl yo.

\*\*Si ou chwazi “non” pi wo a, ou dwe bay direktè lekòl la ak/oswa enfimyè a yon avi alekri.\*\*

**B. Sèvis Sante Eskolè Siplementè (Patnè Swen Sante yo)**

Sèvis swen sante sa yo disponib tou atravè patnè sante Distri a genyen yo. Chak sèvis sa yo mande yon lòt fòm konsantman separe pou elèv la ka patisipe.

Wi  Non  Swen Medikal nan [AHEC](#) (Genyen ladan 1, egzamen fizik, konsiltasyon, medikaman yo, ak tès yo)

Wi  Non  Sèvis Dantè nan [AHEC](#) (Evalyasyon ak tretman ki pa koute anpil kòb)

Wi  Non  [Pwogram pou Pwoteje Dan \(Dental Sealant Program\)](#) nan Depatman Sante AHEC/FL(Pou klas 2 ak 7)

Wi  Non  Swen pou Je (Yo fè egzamen pou je epi yo bay linèt pou je si sa nesesè [nan Pwogram Vizyon Heiken Children nan](#))

## Pati 2 - Soutyen Eskolè pou Rezilyans, Byennèt ak Konpòtman

Soutyen Eskolè pou Rezilyans, Byennèt ak Konpòtman mete yon sipò an ti gwoup epi/oswa endividiyèl sou pye, pou amelyorejesyon konpòtman, ladrès pou siviv, regleman emosyonèl, chagren, ak lòt baryè ki anpeche siksè akademik.

### A. Konsèy ak Sipò nan lekòl pou Byennèt Elèv

#### (Konseye Lekòl ak/oswa Travayè Sosyal Nan Lekòl)

Se Konseye Lekòl yo ak/oswa Travayè Sosyal Nan Lekòl yo ki bay sèvis yo. Egzanp sèvis yo gen ladan: ti gwoup elèv, referans bay ajans kominotè, sipò nan ka ijans, pwogram "Check-In Check-Out," gwoup manje midi ("lunch bunch"), entèvansyon nan klas ki baze sou prèv, ak sesyon endividiyèl (1:1). Yo kontakte paran yo davans pou diskite, planifye, epi bay konsantman anvan sèvis sa yo kòmanse. Pou plis enfòmasyon, tanpri, ale sou sit entènèt distri a pou sipò pou etidyan yo nan <https://www.keysschools.com/Page/6726>.

Wi \_\_\_\_ Non \_\_\_\_

### B. Ankadreman

Se Keys to be the Change ki bay Sèvis a yo (pou Lower Keys sèlmnan). Yo kontakte paran yo pou diskite, planifye, epi bay konsantman anvan sèvis sa a kòmanse. Pou plis enfòmasyon konsènan Kays to Be the Change, ale sou sit entènèt yo a nan <https://www.keystobethechange.com/>.

Wi \_\_\_\_ Non \_\_\_\_

### C. Tès Depistaj Invèsel pou Byennèt Elèv yo (klas 5 jiska 12)

Yo fè egzamen oto-evalyasyon etidyan to de (2) fwa nan yon lane pou evalye domèn tankou mantalite kwasans, konsyans sosyal, regleman emosyonèl, rezilyans, oto-jesyon, epi relasyon soutyen yo. Si, atravè tès la, yo idantifye elèv la kòm yon moun ki ta ka benefisyé konsèy ki bay nan lekòl la, yo kontakte paran an epi yo bezwen bay konsantman pou sèvis sa yo ka kòmanse. Pou plis enfòmasyon sou tès depistaj sa a epi pou w wè kesyon yo, tanpri vizite sit entènèt distri a:

<https://www.keysschools.com/Page/7099>

Wi \_\_\_\_ Non \_\_\_\_

---

Non Etidyan an: \_\_\_\_\_ Klas: \_\_\_\_\_ Dat Nesans: \_\_\_\_\_

Non Paran oswa Responsab Legal (Prenom ak Non Fanmi): \_\_\_\_\_

Siyati Paran an/Responsab Legal la: \_\_\_\_\_ Dat: \_\_\_\_\_

**Lè m siyen dokiman sa a, mwen konprann, deklarasyon konsantman ki anwo yo ap rete anvigè jiskaske paran/responsab legal la soumèt yon nouvo fòm konsantman paran bay Sèvis Sante Lekòl la oswa yo vini ak yon vèsyon adapte distri a voye bay paran yo pou ranplase fòm nan. Tanpri chache sa nan dosye lekòl timoun ou an te voye lakay ou nan koumansman lane a.**